# Avi sou Rezime Medicare

## pou Pati B (Asirans Lopital)

Rezime Ofisyèl pou Reklamasyon Medicare Ou yo ki soti nan Centers for Medicare & Medicaid Services

NON
ADRÈS
VIL, ETA 12345-6789

**SA A SE PA YON BÒDWO**

Nimewo Medicare

Dat Avi Sa a

Reklamasyon yo
Trete Ant

### Estati Deditib ou

Dediktib ou se montan ou dwe peye chak peryòd benefis pou pifò sèvis sante yo anvan menm pou Medicare kòmanse peye.

**Dediktib pou Pati A:**

### Enfòme w!

**Lè a rive pou w pran vaksen kont grip la!** Moun ki gen 65 an oswa plis gen plis risk pou yo gen konplikasyon grav lè yo gen grip. Medicare kouvri vaksen kont grip la. Ou pa peye anyen si pwofesyonèl sante w la aksepte Medicare.

### Reklamasyon w ak Pri pou peye pou Peryòd Sa a

**Èske Medicare apwouve tout sèvis yo?**

**Kantite Sèvis Medicare Refize**

Gade reklamasyon yo ki kòmanse nan paj 3. Gade kote ki make **NON** nan kolòn “Sèvis Apwouve?” a. Gade nan dènye paj sou kijan pou jere yon reklamasyon yo refize.

**Montan Total Yo ka Mande w Peye**

### Pwofesyonèl Sante ki soumèt Reklamasyon pou Peryòd sa a

# Pran Avantaj de Medicare ou

## Kijan pou Tcheke Avi Sa a

**Èske ou rekonèt non chak doktè oswa pwofesyonèl sante?** Tcheke dat yo. Èske ou te gen yon randevou jou sa a?

**Èske ou te resevwa sèvis ki make yo?** Èske yo koresponn ak sa ki make sou resi ak bòdwo w yo?

**Si ou deja peye bòdwo a, èske ou te peye montan kòrèk la?** Tcheke montan maksimòm yo ka mande w pou peye a. Gade pou wè si yo te voye reklamasyon an bay plan asirans siplemantè Medicare (Medigap) ou a oswa bay yon lòt konpayi asirans. Plan sa a ka peye pòsyon pa w la.

## Kijan pou Rapòte Fwòd

Si ou panse gen yon etablisman oswa yon biznis k ap mennen aktivite fwòd, rele nou nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227).

Pami kèk egzanp fwòd genyen òf pou sèvis medikal gratis, oswa voye bòdwo ba ou pou sèvis Medicare ou apt resevwa. Si nou vin wè ke enfòmasyon ou bannou an te fè nou dekouvri aktivite fwòd, ou ka kalifye pou resevwa yon rekonpans.

**Ou ka fè yon diferans!** Toujou revwa Avi sou Rezime Medicare ou a pou asire enfòmasyon sou atik oswa sèvis ou resevwa yo, kòrèk.

## Kijan pou Jwenn Èd lè w gen Kesyon

**1-800-MEDICARE (1-800-633-4227)**
Mande pou "sèvis doktè (doctors services)". Kòd pou sèvis kliyan w lan se 05535.

**TTY 1-877-486-2048** (pou moun ki gen pwoblèm tande)

Kontakte Pwogram Asirans Sante Eta (SHIP) ou a pou konsèy sou asirans sante lokal ki gratis.

## Sèvis Prevantif Medicare

Medicare kouvri plizyè egzamen ak tès depistaj gratis oswa ki bon mache pou ede w rete an sante. Pou ka gen plis enfòmasyon sou sèvis prevantif:

- Pale avèk doktè w la.
- Gade nan tiliv "Oumenm ak Medicare (Medicare & You)" pou jwenn yon lis konplè.
- Ale nan www.MyMedicare.gov pou jwenn yon lis pèsonalize.

## Mesaj Medicare Pote Pou ou messages de Medicare

**Pran yon vaksen antinemokoksik.** Ou ka sèlman bezwen l yon fwa pandan tout vi w. Kontakte pwofesyonèl swen sante w la pou pran vaksen sa a. Ou pa peye anyen si pwofesyonèl swen sante w la aksepte pri Medicare la.

**Pou rapòte yon chanjman nan adrès ou,** rele Sekirite Sosyal nan 1-800-772-1213. Moun ki itilize sistèm TTY dwe rele nan 1-800-325-0778.

**Deteksyon bonè se pi bon pwoteksyon w ap genyen.** Pran randevou pou mamografi w la jodiya, epi sonje ke Medicare ede peye pou tès depistaj mamografi.

Si ou rele nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227), tanpri gen nimewo konplè Medicare ou a sou lamen pou nou sa lokalize dosye w. Pou pwoteje konfidansyalite enfòmasyon prive w, Avi sou Rezime Medicare (MSN) sa a pa gen tout nimewo w la ladann.

# Reklamasyon W pou Pati B (Asirans Medikal)

Asirans Medikal Pati B ede peye pou sèvis doktè, tès dyagnostik, sèvis anbilans, ak lòt sèvis swen sante.

## Definisyon Kolòn yo

**Sèvis Apwouve?:** Kolòn sa a fè w konnen si Medicare kouvri sèvis sa a.

**Montan Pwofesyonèl Sante a Chaje:** Sa a se frè pwofesyonèl sante w la chaje pou sèvis sa a.

**Montan Medicare Apwouve:** Sa a se montan yon pwofesyonèl sante ka touche pou yon sèvis Medicare. Li ka mwens pase montan aktyèl pwofesyonèl sante a chaje.

Pwofesyonèl sante w la dakò pou l aksepte montan sa a kòm peman konplè pou sèvis ki kouvri yo. Jeneralman Medicare peye 80% pou montan Medicare apwouve a.

**Montan Medicare Peye:** Sa a se montan Medicare peye pwofesyonèl sante a. Jeneralman montan sa a reprezante 80% nan montan Medicare apwouve a.

**Montan Maksimòm Yo ka Mande w Peye:** Sa a se montan total pwofesyonèl sante a ka chaje w, e li ka gen ladann yon dediktib, ko-asirans, ak lòt frè ki pa kouvri. Si ou gen Asirans Siplemantè Medicare (polis asirans Medigap) oswa lòt asirans, li ka peye pou tout oswa pou yon pati nan montan sa a.

| | Sèvis Apwouve? | Montan Pwofesyonèl Sante a Chaje | Montan Medicare Apwouve | Montan Medicare Peye | Montan Maksimòm Yo ka Mande w Peye | Gade Nòt ki Pi Ba a |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Peryòd Benefis la kòmanse | | | | | | |
| **Total pou Reklamasyon #** | | | | | | |

| | Sèvis Apwouve? | Montan Pwofesyonèl Sante a Chaje | Montan Medicare Apwouve | Montan Medicare Peye | Montan Maksimòm Yo ka Mande w Peye | Gade Nòt ki Pi Ba a |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Peryòd Benefis la kòmanse | | | | | | |
| **Total pou Reklamasyon #** | | | | | | |

# Kijan pou Jere Reklamasyon yo Refize oswa pou Soumèt yon Apèl

## Jwenn Plis Detay

**Si yo te refize yon reklamasyon, rele oswa ekri lopital la oswa etablisman an epi mande pou yon rapò detaye pou nenpòt reklamasyon.** Asire w ke yo voye bon enfòmasyon an. Si yo pat fè sa, mande etablisman an pou l kontakte biwo reklamasyon nou an pou korije erè a. Ou ka mande etablisman an pou yon rapò detaye pou nenpòt sèvis oswa reklamasyon.

Rele nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) pou gen plis enfòmasyon sou desizyon pou kouvèti oswa peman sou avi sa a, avèk tou lwa oswa règleman yo itilize pou pran desizyon an.

## Si ou pa Dakò avèk yon Desizyon sou Kouvèti, yon Desizyon pou Peman, oswa yon Montan pou Peman ki sou Avi sila a, Ou Ka Ale Annapèl

**Se pou w soumèt Apèl yo alekri.** Itilize fòm ki adwat la. Se pou biwo reklamasyon nou an resevwa demann pou apèl ou a sou 120 jou apatide dat ou resevwa avi sa a.

Nou dwe resevwa apèl ou a disi:

| DAT |
|---|

## Si ou Bezwen Èd pou Soumèt Apèl Ou a

**Kontakte nou:** Rele nan 1-800-MEDICARE oswa Pwogram Asirans Sante Eta w la (gade nan paj 2) pou asistans anvan w soumèt yon demann pou apèl alekri, ikonpri pou jwenn asistans pou nonmen yon reprezantan.

**Rele etablisman w lan:** Mande etablisman w lan pou nenpòt enfòmasyon ki ka ede w.

**Mande yon zanmi pou ede w:** Ou ka nonmen yon moun, tankou yon manm fanmi oswa yon zanmi, pou moun sa a aji kòm reprezantan w nan pwosedi apèl la.

## Soumèt yon Apèl Alekri

Suiv etap sa yo:

**1** Ansèkle sèvis la(yo) oswa reklamasyon an(yo) ke ou pa dakò ak yo sou avi sila a.

**2** Esplike alekri pouki ou pa dakò avèk desizyon an. Mete esplikasyon w lan sou avi sila a oswa, si ou bezwen plis espas, anekse yon paj apa avèk avi sa a.

**3** Ranpli tout enfòmasyon ki annapre yo:

Non konplè ou menm oswa reprezantan w lan (ekri avèk lèt detache majiskil)

Siyati ou menm oswa reprezantan w lan

Nimewo telefòn ou

Nimewo konplè Medicare ou

**4** Enkli tout lòt enfòmasyon ou genyen konsènan apèl sa a. Ou ka mande lokal ou a pou nenpòt enfòmasyon ki ka ede w.

**5** Ekri nimewo Medicare ou sou tout dokiman w ap voye yo.

**6** Fè kopi avi sa a ak tout dokiman sipò yo pou kenbe nan dosye w.

**7** Voye avi sa a ak tout dokiman sipò yo pa lapòs nan adrès sa a:

**Medicare Claims Office**

## Jwenn Plis Enfòmasyon sou Apèl

Pou ka gen plis enfòmasyon sou apèl, li tiliv "Oumenm ak Medicare (Medicare & You)" oswa ale sou sit Entènèt nou an nan www.medicare.gov/appeals.